

PIWULANG AGAMA SAJRONE NASKAH KABAR KIYAMAT

(Tintingan Filologi)

PIWULANG AGAMA SAJRONE NASKAH KABAR KIYAMAT

(Tintingan Filologi)

Ninik Istiqomah

Pendidikan Bahasa Daerah (Jawa), FBS, UNESA (ninik.istiqomah@gmail.com)

Abstrak

Sastra mujudake gegambarane urip manungsa ing bebrayan agung. Lumantar sastra panulis bisa nulis sawijine karya sastra kanggo medharake apa kang dirasakake lan kepriye pamikire. Apa kang dadi rasa pangrasane lan pamikire mau bakal maujud sawijine karya sastra, banjur diwaca karo masyarakat. Salah sawijine wujud karya sastra yaiku naskah. Naskah yen diawwas saka ilmu filologi ngemot sakabehing piguna tumrap uripe manungsa ing bebrayan agung. Naskah minangka salah sawijine asil karya sastra kang wajib diramat lan dilestarekake.

Adhedhasar wawasan kasebut, ana salah sawijine naskah kang ngemot babagan piwulang. Karya kasebut yaiku naskah *Kabar Kiyamat*, sajrone naskah iki ngandharake piwulang agama mligine agama Islam yaiku ngenani pati mligine kiyamat. Laras karo andharan kasebut, underane panliten naskah KK yaiku: (1) Kepriye deskripsi naskah KK, (2) Kepriye suntingan teks naskah KK, (3) Piwulang agama sajrone naskah KK. Ancase panliten iki : (1) Ngandharake deskripsi naskah KK, (2) Ngandharake suntingan teks naskah KK, (3) Ngandharake piwulang agama sajrone naskah KK. Sesambungan klawan underane panliten mau, panliten iku diajab bisa nyumbangake kawruh, mligine ing babagan agama Islam. Kajaba iku panliten iku uga diajab bisa menehi sumbangsih tumrap ilmu sastra mligine telaah naskah kang nggunakake tintingan filologi.

Panlitenan iki kalebu panliten kualitatif, kanthi pamarekan filologi moderen. Anggone analisis data data nggunakake metode hermeneutika, kanthi hermeneutika panliten iku diajab bisa menehi gegambaran ngenani piwulang agama. Wujud tulisan naskah *Kabar Kiyamat* yaiku Arab pegon mula, anggone nyengkuyung panliten dilakoni transliterasi teks saka Arab pegon ing aksara Latin.

Asile panliten kapisan awujud andharan ngenani naskah *Kabar Kiyamat*, kang ngandharake babagan deskripsi naskah. Ing deskripsi teks kaandharake sekabehane katrangan kang gegayutan karo naskah. Asile panliten kang kapindho yaiku ngenani suntingan teks. Ing suntingan teks kaleksanan kanthi nggunakake kawruh lan kamus basa. Kamus basa mujudake panyengkuyung, tegese menehi kawruh ngenani tembung kang baku.

Asile panliten kang ketelu yaiku ngenani piwulang. Piwulang kang sajrone naskah *Kabar Kiyamat* yaiku piwulang agama Islam ngenani pati mligine ngenani kiyamat. piwulang ngenani patine manungsa kang ana ing kene yaiku kapisan anane mati, kapindho ngenani alam kubur, ketelu anane dina akhir utawa kiyamat, kepatan anane dina kebangkitan, kalima anane ngalam sawise manungsa mati.

A. PURWAKA

Sastra mujudake gegambarane urip manungsa ing bebrayan agung. Sastra uga menehi kawruh kang jembar banget tumrap masyarakat Nuswantara mligine masyarakat Jawa. Lumantar sastra panulis bisa nulis sawijine karya sastra kanggo medharake apa kang dirasakake lan kepriye pamikire. Apa kang dadi rasa pangrasane lan pamikire mau bakal maujud sawijine karya sastra banjur diwaca karo masyarakat. Mula saka iku antarane panulis, karya sastra lan masyarakat iku nduweni sesambutan lan ora kena dipisahake.

Karya sastra iku bisa ngemot babagan kang didadekake pedhoman anggone urip ing bebrayan agung. Salah sawijine jinis karya sastra yaiku naskah. Subandiyyah (2007:2) ngandharake yen naskah sejatine salah sawijine warisan kabudayan Indonesia kang nduweni nilai luwih dhuwur dibandhingake warisan budaya liyane, yen diawwas saka isi naskah ngandhut sawerpane *informasi* jaman mbiyen kang dianggap luwih

jangkep. Amarga, naskah nyimpen *informasi* kang luwih mligi ngenani sekabehane yaiku lumantar basa. Miturut Baried (1994:55) naskah mujudake sakabehane tulisan tangan kang nyimpen *ungkapan* pamikiran lan pangrasa minangka asil kabudayan jaman biyen.

Isi naskah nyakup gegambaraning urip lan pamawase para leluhur ing jaman biyen kang diwarisake marang anak putune. Ing sajrone naskah ana tulisan-tulisan kang awujud sasmita basa kanggo medharake babagan tartamtum (Sudardi, 2003:10). Gegambaraning kauripan ing jaman kang wis kawuri bisa dideleng kanthi sawenehing *informasi* kanthi adhedasar saka warisan jaman mbiyen kang bisa wujud piranti uga tulisan. Naskah mujudake salah sawijine warisan leluhur kang kudu dijaga lan dilestarekake, amarga akeh masyarakat kang ora mangerteni yen sejatine naskah nduweni paedah kang gedhe tumrap masyarakat. Tulisan-tulisan sajrone naskah bisa menehi kita kawruh. Kawruh kasebut bisa

arupa piwulang kang becik kang bisa kita tuladhani luwih jero. Dide leng saka kahanane naskah ing jaman saiki mrihatinake, masyarakat kang ora mangerten yen naskah iku ngemot piwulang lan nilai-nilai kang wigati. Kahanan kaya mangkene bisa dingerten saka panyengkuyunge masyarakat, *lembaga pamarentah* lan *lembaga pendidikan* ing babagan naskah.

Panyengkuyunge Masyarakat kang ora ngerten kepriye wigatine naskah mligine ing isi kang kinandhut sajrone naskah mesthi bae ora gelem ngramut lan ora preduli. Banjur panyengkuyunge *lembaga pamarentah* wis katon usahane yaiku kanthi mangun museum-museum kanggo nyimpen sekabehane naskah-naskah warisan leluhur. Semana uga panyengkuyunge *lembaga pendhidhikan* sethithik banget panliti kang nindakake panliten ngenani naskah, amarga basa naskah kadhang kala angel diwaca lan angel dimangerten.

Saka andharan ing ndhuwur wis sawajare yen bangsa Indonesia minangka bangsa kang marisi sakabehe asil kabudayan leluhur mligine babagan naskah wajib nduweni ati kang bombong, saengga kita kabeh bisa nduweni greget anggone nglestarakake warisan leluhur. Mula, ana ing kene panliti bakal nliti sawijine naskah kang dikira nduweni nilai-nilai piwulang. Naskah kang bakal ditliti yaiku naskah *Kabar Kiyamat*. Panliti njupuk sawijine naskah kanthi irah-irahan *Kabar Kiyamat*, amarga ana sajrone naskah *Kabar Kiyamat* isine ngenani piwulang agama mligine agama Islam, piwulang mau bisa kita dadekake panggulawenthah ing urip bebrayan. piwulang agama bisa ditegesi pranata utawa wulangan kanggo lelandhesane urip supaya bisa numindakake prakara kang becik sarta laras karo nilai-nilai lan norma-norma kaagamaan.

Paedah kang bisa kajupuk saka naskah *Kabar Kiyamat* yaiku naskah iki ngandharake ngenani piwulang mligine piwulang agama kang bisa nambah imane masyarakat yaiku jlentrehake ngenani patine manungsa yaiku kabar akhirat mligine ing babagan kiyamat, kepriye manungsa mati selaras karo amal ibadhahe ing donya uga njlentrehake kauripane manungsa sawise mati, anane ngalam sawise manungsa mati yaiku ngalam kubur, surga lan neraka. Sekabehane mau bakal dijlentrehake ana ing naskah *Kabar Kiyamat*.

Naskah *Kabar Kiyamat* sabanjure disingkat KK. Naskah KK sejatine diantuk saka tlatah Surabaya yaiku kagungane Bapak Yohanes Puguh Sasmita, nanging nalika jaman semana ana pihak museum Mpu Tantular kang nglakoni *observasi* kanggo nglacak lan *nginventarisasi* naskah. Naskah KK kang kasil *diinventaris* mau banjur digawa menyang museum lan diwenehi nomer urut museum 07.290 M, lan nomer berita acara yaiku 020.04/sby/108.02/2002. Adhedhasar saka wujude naskah KK kasebut karakit saka dluwang 78

lembar utawa 148 kaca. Teks ing sajrone naskah KK katulis kanthi wolak-walik saben lembar dluwang.

Gegayutan karo andharan ing ndhuwur, mula ana prakara-prakara kang narik kawigaten panliti yaiku naskah KK kang nggunakake aksara Arab Pegan. Panliti nduweni panemu yen naskah kasebut nduweni akeh piwulang lan nilai kang bisa disinaoni adhedhasar saka *informasi* wiwitan kang diolehi dening panliti. Kajaba kuwi sadawane panliti ngudi kawruh ing pira-pira lokasi kayata ing Museum Mpu Tantular Sidoarjo lan ing perpustakaan Universitas Negeri surabaya, naskah KK urung ana kang nliti. Naskah KK kang awujud naskah asli kang durung ana kang nyalin mesthi narik kanggo ditliti saengga kita bisa mengerten kepriye sejatine karepe panulis adhedhasar saka isi naskah. Awit saka iku anane panliten iki diajab bisa aweh sumbangsih tumrap panliti-panliti sabanjure supaya bisa mangerten ing babagan sastra lawas yaiku naskah.

Panliten kanthi objek naskah KK iki anggone nintigi panliti nggunakake tintingan filologi. Filologi minangka ilmu kang gegayutan karo studi naskah lawas, uga ngadharake prakara-prakara kang nyengkuyung telaah tumrap saperangan naskah (Purnomo, 2007:1). Ana ing kene kapengenane panliten tumrap naskah KK iki diajab bisa ngasilake deskripsi naskah, suntingan teks lan piwulang agama kang kinandhut ing sajrone naskah KK.

Kajaba iku ana ing panlitenan iki nggunakake *prinsip* filologi moderen kang nduweni pamawas yen keasliane lan kemurniane naskah ora ditengenake. Kanggo ngonceki data supaya luwih gampang nggunakake metode hermeneutika. Sesambungan karo pigunane kang utama yaiku metode hermeneutika cundhuk digawe lelandhesan ninthingi karya sastra, jalaran luwih nengenake penafsiran panliten. Karya sastra awujud naskah KK iki mbutuhake penafsiran supaya bisa mangerten isi yaiku ajaran agama kang kinandhut ing sajrone naskah. Adhedhasar saka andharan mau, mula panliten iki kasirah kanthi irah-irahan “*Piwulang Agama sajrone Naskah Kabar Kiyamat*”.

Adhedhasar apa kang wis diandharake ing ndhuwur, mula underane panliten kang arep ditliti yaiku:

- (1) Kepriye deskripsi naskah KK?
- (2) Kepriye suntingan teks naskah KK?
- (3) Piwulang agama kang kinandhut sajrone naskah KK?

Adhedhasar saka underaning masalah kang ana ing ndhuwur, ancuse panliten kang kapingin diwujudake dening panulis yaiku :

- (1) Ngandharake deskripsi naskah KK.
- (2) Ngandharake suntingan teks naskah KK.
- (3) Ngandharake piwulang agama kang kinandhut sajrone naskah KK.

B. METODHE

Panliten sastra iki kalebu panliten *kualitatif*. Anggone nyunting nggunakake teks nggunake metode naskah tunggal kanthi nggunakake *ediai diplomatik*. Kajaba iku kanggo ngonceki piwulang agama sajrone naskah KK bakal ditintingi nggunakake sawijining metode yaiku metode hermenenutika. Data ing panliten iki yaiku naskah nduweni irah-irahan naskah *Kabar Kiyamat* (KK), arupa sekabehane tembung-tembung lan ukara sajrone naskah KK. Sumber data naskah KK kasimpen ing Museum Mpu Tantular kang dumunung ing Jalan Jembatan Buduran, Kecamatan Buduran, Kabupaten Sidoarjo. Instrumen kanggo nindakake panliten iki yaiku ana instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Instrumen utama yaiku panliti dhewe. Instrumen panyengkuyung ing panliten iki yaiku *sistem tanda*. Tata cara nglumpukake data yaiku inventarisasi naskah KK, maca naskah KK, nindakake transliterasi naskah KK. Tata cara pangolahe data yaiku ngandharake kahanan Naskah (Deskripsi Naskah), Titingan Kritis (Suntingan Teks), Ngandharake Piwulang agama sajrone Naskah KK, Nggawe Dudutan saka sakabehing Asil Panliten tumrap Naskah KK.

Tata cara nulis asiling apnliten ing kene kanthi cara merang panliten dadi pirang-pirang bab dan sub bab. Tata cara nulis asiling panliten dilakoni kanthi runtut wiwit bab I – bab V supaya nuduhake upaya kanggo nyuguuhake asiling nintingi data kang awujud laporan ilmiyah utawa skripsi. Ngenani samubarang kang diasilake saka panliten bakal dilaporake, laporan mau mligine babagan piwulang agama sajrone naskah *Kabar Kiyamat*.

C. ANDHARAN

Ing kene bakal kaandharake kayata deskripsi naskah, suntingan teks, piwulang agama sajrone naskah *Kabar Kiyamat*. Naskah KK iki saklebatan ngandharake babagan kang nduweni gagayutan karo patine manungsa yaiku kabar akhirat mligine ing babagan kiyamat, kepriye manungsa mati selaras karo amal ibadhahe ing donya uga njlentrehake kauripane manungsa sawise mati, anane ngalam sawise manungsa mati yaiku ngalam kubur, surga lan neraka. Sekabehane mau bakal dijilentrehake ana ing naskah *Kabar Kiyamat*.

4.1 Deskripsi Naskah *Kabar Kiyamat*

Deskripsi naskah ing sajrone panliten filologi iku wajib kaleksanan, jalaran minangka *studi wiwitan* tumrap naskah kang bakal ditliti. Kanthi nindakake deskripsi naskah bisa mangertenipun kepriye kahanan naskah kanthi cetha lan apa anane. Naskah kang bakal dioncek iki ana ing kene yaiku naskah kang kasimpen ing Museum

Mpu Tantular kang dumunung ing jalan Jembatan Buduran Kabupaten Sidoarjo.

Naskah KK mau awujud tembang. Naskah kasebut cacahé ana 148 kaca, 74 lembar dumadi saka 25 pupuh. Saben kaca rata-rata 10-13 gatra nanging uga ana saperangan kang 4 gatra, 14 gatra lan 15 gatra. Kahanane naskah wis rada rusak amarga saperangan naskah yaiku pinggire wis ana kang aus. Njerone naskah ana kang bolong amarga dipangan ngengat. Kertase wis nguning, buntele nggunakake kertas tipis padha kaya kertas kang digawe nulis isi. Tulisane katulis kanthi wolak walik ing saben dluwange. Tulisane naskah nggunakake aksara Arab basane Jawa kang sinebut Arab pegon. Andharan ngenani naskah KK kanthi gamblang bakal dijilentrehake perangan-perangan kang gegayutan karo deskripsi naskah siji mbaka siji. Perangan-perangan kasebut kaya kang kaandharake ana ing ngisor iki.

4.1.1 Irah-Irahan naskah

Irah-irahan minangka babagan kang paling wigati, amarga saka irah-irahan kita bisa mangertenipun kepriye gegambaran isi naskah kanthi cara umum. naskah kang bakal ditliti iki saka pihak Museum diwenehi irah-irahan “Naskah Kitab Kematian”. Nanging sawise panliti nglakoni panliten tumrap naskah kasebut panliti bisa njupuk dudutan yen naskah kasebut irah-irahane yaiku “*Kabar Kiyamat*”. Jeneng “*Kabar Kiyamat*” dipilih jalaran trep karo isi kang kinandhut sajrone naskah. Andharan kasebut bisa kawwas saka pethikan ing ngisor iki.

18. Sampun tutuk kang tulis carita *Kabar Kiyamat* lan kabar neraka reku
kalawan kabar suwarga
tutuking dena salasa
ing ba’da dzuhur puniku
ing wulan rejeb puniku// (P18.18)

Pethikan ing ndhuwur nuduhake yen naskah iki Naskah *Kabar Kiyamat*, ing pethikan kasebut wis kaandharake kanthi cetha yen irah-irahan naskah iki kang pener yaiku ngenani *Kabar Kiyamat*. Kajaba ngenani *Kabar Kiyamat* ing naskah iki uga ngandharake ngenani ngalam akhirat yaiku kabar surwaga lan neraka.

4.1.2 Papan kang Nyimpen Naskah

Naskah KK nganti saiki isih kasimpen ing Museum Mpu Tantular, mligine ing bagiyán pernaskahan. Museum kasebut dumunung ing jalan Buduran, Kecamatan Buduran, Kabupaten Sidoarjo. Pihake Museum antuk naskah kasebut saka pawongan ing tlatah Surabaya. Panjenengane kang asma Bapak

Yohanes Puguh Sasmito minangka wong kang nduweni naskah.

4.1.3 Nomer Naskah

Naskah KK minangka salah sawijine naskah kang dikoleksi dening pihak Museum Mpu Tantular, ing bagian pernaskahan. Ing sajrone katalog Museum Mpu Tantular, naskah KK iki diandharake kanthi nomer Invent: 07.290 M, uga kanthi *berita acara*: 020.04/sby/108.02/2002.

4.1.4 Panganggit lan Wektu Panganggitan

Ana ing naskah KK iki ora ana jeneng panganggite nanging kapan naskah iki dianggit katulis ana ing manggalane nanging tulisan ing manggala ora katon cetha. Ing manggala wektu panganggite naskah KK katulis kaya ing pethikan ngisor iki.

Anangna cerita mati wulan jumadil akhir ari ahad pon tanggal sawelas taun abi.

Ping ingkang anduweni surga lan iki kiyahi palanggaran iki.(ana ing manggala)

Pethikan ing ndhuwur ngandharake ngenani kapan naskah KK iki awit dianggit lan ngenani saperangan isi naskah KK. Kajaba iku ngenani wektu pungkasane panulisan crita cetha katulis ing isine, yen naskah KK rampung ditulis kaya kang kawawas ing pethikan ngisor iki.

18. Sampun tutuk kang tulis carita *Kabar Kiyamat* lan kabar neraka reku kalawan kabar suwarga tutuking dena salasa ing ba'da dzuhur puniku ing wulan rejebo puniku//

19. Ing tanggal kaping kalih niki ing tahun edal ta sira ing tahun belanda namini sewu walang atos sira kalawan sangang puluh lan papat ing hijeroh iku sewu telu ratus sawelas//(P18. 18-19).

Kawawas saka pethikan ing ndhuwur wis cetha banget yen wektu panganggite naskah KK. Naskah KK kaanggit ing ba'da (sawise) dzuhur ing wulan rejebo, ing tanggal 2 ing taun 3, taun 1894 M utawa 1311 H. Saka pethikan kasebut bisa dideleng yen umure naskah wis tuwa.

4.1.5 Bahane Naskah

Bahan naskah mujudake wadhah kang kanggo panganggitane naskah. Bahan kang dugunakake kanggo panganggitane naskah KK ing panliten iki yaiku kertas

dluwang. Wujude dluwang kaya dluwang biyasane nanging dluwang kang dianggo nulis naskah iki wis katon rusak lan wernane wis nguning.

4.1.6 Ukurane Naskah

Ngennai ukurane naskah *Kabar Kematiyan* bisa kawawas ing andharan ngisor iki.

Ukurane : Cacahen kaca 148

Dawa : 21,5 cm

Amba : 16 cm

Kandel : 2 cm

Cacahing lempir : 78 lembar

4.1.7 Kahanane ansakah

Kahanane naskah KK iki lumayan rusak, kertase nguning, ana saperangan kang bolong-bolong jalanan dipangan ngengat, ing pinggir-pinggire kertas ana kang wis suwek ora rata maneh amarga umure naskah kang wus suwe. Kertas kang digunakake yaiku kertas dluwang, tinta kang digawe nulis warna ireng, sampule warna coklat tuwek tur reged amarga saking lawase, kanggo pangikete nggunakake bolah warna putih nanging ana ing naskah iki werna bolah samar-samar dadi kuning rada coklat.

4.1.8 Wujude Naskah

Wujude arupa tembang. Tembang macapat kang ana ing naskah KK ana 5 yaiku ana tembang Asmarandana, Sinom, Durma, Dhandhang gula, Pangkur.

4.1.9 Tulisane Naskah

Naskah KK ditulis kanthi aksara Arab Pegon. Naskah KK ditulis kanthi nggunakake tinta warna ireng.

4.1.10 Basane Naskah

Naskah KK kang ditliti iki nggunakake basa Jawa nanging sajrone naskah ana tetembungan Arab, Jawa, Kawi lan Melayu.

4.1.11 Isine Naskah

Naskah KK iki isine ngenani piwulang agama, mligine agama islam. Piwulang agama Islam kang diandharake gegayutan karo sipate naskah kang tuwuhan ing dhaerah pesisiran, saengga naskah KK iki kapraban agama Islam. Andharan ing sajrone naskah iki diandharake lumantar teks kanthi wujud tembang. Piwulang-piwulang agama kang ana ing sajrone naskah KK iki kayata ngenani anane kiyamat, kabar anane kematiyan, anane dina akhir, anane surwaga lan neraka.

4.2 Suntingan Teks

Purnomo (2007:40) ngandharake yen prinsip suntingan teks utawa diarani kritik teks digunakake

kanggo ‘ngresiki teks’ saka kaluputan-kaluputan kang tuwuuh sajroning naskah. Perangan kang nlisip saka paugeran iku nduweni sifat mekanik (tuwuhe karana ora diseja) ing salah sijine golongan, pangrembakan ora bisa dipertanggungjawabake. Laras karo andharan kasebut, panliten iki bakal nggunakake sawijine naskah kang bakal disunting. Naskah kang bakal disunting yaiku naskah KK kanthi nomer 07.290 M.

4.2.1 Lelandhesane Suntingan Teks

Lelandhesane suntingan teks ngandharake perangan dhasar pranata kang digunakake ing suntingan teks naskah KK. Pranata iku mau mujudake sawenehing tandha kang bisa ndadekake para pamaca bisa gampang mangerteni suntingan teks kang ana ing kene. Sajrone asiling suntingsn teks digunakake sawernanering tandha. Wujude tandha-tandha kang digunakake ing suntingan teks kaya ing ngisor iki:

- Angka 1, 2, 3, ... digunakake kanggo urutane pada, utawa watesane ukara mbaka ukara ing sajrone naskah. Ana ing naskah iki digunakake tembung pada amarga naskah iki wujude arupa tembang.
- Angka 1, 2, 3, ... ditulis ing sisih tengen ndhuwur tumrap tembung-tembung kang kudu diedhit ing perangan aparat kritik.
- Angka (1), (2), (3), ... ditulis ing naskah kanggo negeri kaca ing naskah.
- Tandha /.../ digunakake kanggo nandhani watesane gatra siji lan sijine.
- Tandha ...// digunakake kanggo mungkasi pada saben pupuh. Teks KK ing kene awujud tembang, awit saka iku panulisane teks uga kerep nggunakake tandha ...// kanggo mungkasi ukara utawa pada.
- Tandha ?...? digunakake kanggo tembung kang ora dimangerteni makna tegese, amarga ora ditemokake ing kamus.
- Tandha (...) digunakake kanggo tembung-tembung kang kurang trep karo tembung kang samesthine mula perlu diedhit.
- Tembung <...> digunakake kanggo tembung kang dikurangi amarga kakehan.
- Tandha [...] digunakake kanggo tembung kang kurang cetha utawa ora bisa diwaca amarga rusak, ing panulisane suntingan teks digandheng karo tembung sabanjure (dadi dikosongne ora diganti karo tembung liya).

4.2.2 Asile Suntingan Teks

Andharan ngenani asiling suntingan teks bisa kawwas ana ing ngisor iki.

Pupuh 1 Asmarandana

Bismillahirrohmanirrohim//

- Ingsun (amimite)¹ ya amuji/ (anebut)² wastaning sukma/ kang murah ing (dunya)³ kabeh/ esih <tembih>⁴ ing **akhirat**/ langkung **maha** yalaba ngaganjar kawelasan/ angapura ingkang dosa//
- Wonten carita winarih/ carita sinungan tembang/ saking usul salam reku/ (1) atembang asmarandana/ den sami <ngaweruhana>⁵/ saking amaca saking <angerunguh>⁶/ dening satere tuna liwat //
- Anging panedha ning **dasih**/ ing sakehe amilarsa/ murah kang amaca reku/ sampun kirang pangapura/ tan antuk wong utama/ anging paksa milya ngapus/ anembangan ing carita//
- Den wiwiti kang ginawi/ carita kabar rusaking sapta buwana/ (ping)⁷ kalih kabar iku/ kabar **neraka** puniki/ kaping tiga kabar **suwarga**//
- Kabar saking sang duta/ awarta ing umatira/ iya umat ingsun reku/ sakehe padha sira amaca/ tatkala ning dunya/ atakon laku/ ingkang **wajib** lawan **sunat**//
- Pan saka ?thali? dumadi/ kabeh padha asipat pejah/ pan tan wong mati reku/ yuk ya sami ngaweruhana/ kang **wajib** lah kang **sunat** pan tan sampurna/ (2) kang laku/ yen tan weruha kang mangkana//
- Yuk ya sami weruha niki/ tatkalané putus nyawa/ **malikat** narpata reku/ angalap ing nyawa rika/ winiwitan sukunya/ tinarik manjur siriku/ nyawane sakehe **Islam**//
- Lamun nyawane wong **kafir**/ den wiwiti saking sirah/ tinarik mingsur ta reku/ karana mangkana ika/ darapun lisan ika/ aja kawasa punika/ angucap kalimat (**tanadat**)⁸//
- Bidalan nyawane **mukmin**/ darapun akih-akiha/ panebuti **mukmin** reku/ ing kalimat tukirikan <lawa>⁹ (perapta)¹⁰ ing dhadha/ tan kawasa cacalathun/ sesek kebek dening nyawa//
- Sampun kapundhut (3) nyawa niki/ binakta maring awiyat/ maring langit sampa reku/ wus teka ing langit ika/ **malikat** jaluk lawang/ maring kang atunggu pintu/ (sigera)¹¹ mangki (tinakunan)¹²//
- Nyawa punapa puniki/ sumahur kang tinakunan/ nyawane wong **Islam** reku/ ingkang sun bakti punika/ isun wili [...]¹³/ lamun abakti puniku/ ing ramane kabeh ika//
- Lamun ora angabakti/ ing ramane kabeh ika/ awangsula sira mangko/ awaliya maring dunya/

- lamun sira abakti ya sira ?nastarin? (4) manjing siriku/ perapting langit pindho ika//
13. Amalampah lawang niki/ sigra mangke tinakunan dening malikat ta reku/ kang atunggu lawang ika/ langit kapindho ika/ yen tetep **puwasa** ipun/ **zakat fitrah** ika//
14. Akabeh winengehan ?kuri?/ lamun ora tetep ika/ kinun wangsula ta reku/ maring langit kang tumiba/ yen malih tetep ika/ lewat ing langit kapindho/ lestari ing lampah sira//

4.2.3 Aparat Kritik

Aparat kritik tujuwane kanggo mangerten i wujude penyimpangan sajroning teks KK. Sajroning aparat kritik iki, digunakake tandha (N) lan tandha (S).

- N : Tembung kang ana ing sajrone teks.
 S : Asiling suntingan teks saka tembung kang diweduhi tandha N mau.

Pupuh 1 Asmarandana

1) N : amimite	S : amiwiti
2) N : anebut	S : anyebut
3) N : dunya	S : donya
4) N : tembih	S : tembe
5) N : ngaweruhana	S : ngaweruhana
6) N : angerunguh	S : angrungu
7) N : ping	S : ping
8) N : tanadat	S : syahadat
9) N : lawa	S : lawan
10) N : perapta	S : perapta
11) N : sigera	S : sigera
12) N : tinakunan	S : tinakonan
13) N : [...]	S : [...]

4.2.4 Cathetan

Cathetan mujudake komentar uga pertanggungjawaban kang diwenehake marang pamaca tumrap asiling suntingan teks kang angel dimangerten.

- 1) Tembung ‘amimite’ ing teks ora nduweni makna, panulisan tembung iku ora trep yen digandheng karo ukara ya *amuji anebut wasta ning sukma*. Tembung ‘amimiti’ kudune ditulis kanthi ‘amiwiti’ kang nduweni teges wiwit nindakake. Tembung amiwiti luwih salaras karo ukara sabanjure amarga ukara kasebut mujudake ukara kang dadi wiwitang anggone miwiti sawijine pakaryan. Ing kamus Pepak Basa Jawa uga diljentrehake tembung mimiti iku ora ana tegese, nanging yen tembung miwiti iku nduweni teges wiwit nindakake. Ana ing tembung iki tembung wiwit oleh ater-ater a- lan panambang –i dadi amiwiti.

- 2) Panulisane tembung ‘anebut’ ing teks iku kurang bener kudune ditulis kanthi ‘anyebut’ kang linggane saka tembung sebut oleh ater-ater a- dadi anyebut. Tegese yaiku ngarani, ngundang sesebutane utawa ngucapake Asmane gusti Allah nalikane sembahyang, nyuwun pangapura, lsp.
- 3) Tembung ‘dunya’ diowahi dadi ‘donya’ supaya trep karo ejaan kang baku, nanging sejatine nduweni teges kang padha yaiku katrangan ngenani ngalam.
- 4) Tembung ‘tembih’ diowahi dadi ‘tembe’ amarga tembung tembih ora nduweni teges kang cetha yen tembung tembe nduweni teges sok mben, ing dina sawise dina iki.
- 5) Panulisane tembung ‘ngaweruhana’ dianggep trep amarga tembung ngaweruhana iku menawa kanggo njangkepi guru wilangan ing tembang kasebut. Tembung ngaweruhana kang nduweni teges wruh, ngerti, mangerten i, ngertenana.
- 6) Panulisane tembung ‘angerunguh’ dianggep kurang trep amarga saka tembung lingga ‘krungu’. Mula saka iku tembung ‘angerunguh’ diowahi dadi tembung ‘angrungu’ kang nduweni teges isa ngrungokake apa bae gunemané sekabehane pawongan.
- 7) Tembung ‘ping’ ing teks salaras karo ukara lan sabanjure, tembung ‘ping’ nduweni teges tandha silang biyasane dianggo nandhani yen bageyan kuwi salah utawa kliru nanging ana ing kene ora kuwi tegese. Tembung ‘ping’ ana ing kene menawa kanggo ngepasake guru wilangan ing tembang. Tembung ping nduweni teges etungan ping, tikel, ambal utawa menehi nomer urutan (ambalan). Tembung ‘kaping’ luwih salaras karo ukara sabanjure yaiku nerangake urutan utawa etungan.
- 8) Panulisane tembung ‘tanadat’ iku kurang trep kudune diowahi dadi tembung ‘syahadat’. Tembung ‘tanadat’ ing basa arab ora nduweni teges yen tembung ‘syahadat’ ing basa arab nduweni teges nyekseni. Syahadat uga kalebu salah sawijine rukun Islam. Mula saka iku tembung syahadat luwih trep miturut kabakuan panulisane uga luwih slaras karo ukara sabanjure.
- 9) Miturut konteks ukara ing teks tembung ‘lawa’ ora trep, mula saka iku diowahi dadi ‘lawan’ kang nduweni teges mungsuh utawa tandhing. Tembung lawan luwih nduweni gegayutan karo ukara sabanjure.
- 10) Panulisane tembung ‘perapta’ ing kene menawa kanggo jangkepi guru wilangan ing tembang. Mula tembung perapta dianggep wis trep. Tembung perapta nduweni tegese yaiku teka utawa tutug.
- 11) Panulisane tembung ‘sigera’ ing kene menawa kanggo jangkepi guru wilangan ing tembang. Mula

tembung sigera dianggep wis trep. Tegese tembung ‘sigera’ yaiku enggal utawa banjur.

- 12) Panulisane tembung ‘tinakunan’ kurang trep amarga tembung kasebut oleh sisipan –in-lan panambang –an. Tembung linggane yaiku takon kang nduwensi teges miterang njaluk wangsulan utawa dijaluki keterangan, wangsulan. Mula saka iku tembung ‘tinakunan’ diowahi dadi ‘tinakunan’.
- 13) Tanda [...] ing kene digunakake kanggo tembung kang kurang cetha utawa ora bisa diwaca amarga rusak, ing panulisane suntingan teks digandheng karo tembung sabanjure (dadi dikosongne ora diganti karo tembung liya).

4.3 Piwulang Agama sajrone Naskah Kabar Kiyamat

Naskah minangka salah sawijine reriptan kang nduwensi nilai-nilai akeh banget, mligine nilai kabecikan kang kinandhut. Sawijine reriptan bisa diarani apik yen reriptan mau bisa menehi pituduh lan paedah tumrap pamaca. Pituduh iku mau wujude bisa arupa piwulang-piwulang kang bisa didadekake lelandhesaning urip.

Saka irah-irahan Naskah *Kabar Kiyamat* bae wis bisa kawawas yen naskah iki nduwensi piwulang kang luwih mligi yaiku piwulang ing babagan agama. Piwulang agama kasebut yaiku ing babagan pati mligine ngenani kiyamat. Piwulang agama kang ana ing naskah iki bisa didadekake pedhoman kanggo sekabehane manungsa mligine umat muslim utawa umat kang agamane Islam. Kajaba iku anane naskah KK bisa kita dadekake sarana kanggo kita ngangsu kawruh ngenani apa kang kudu kita tindakake lan apa kang kudu kita tinggalake.

4.3.1 Anane Mati

Miturut Sudaryanto,dkk (2001:567) mati bisa ditegesi ilang nyawane, ora urip, ora nduwensi rasa tanpa pangrasa, lsp. Ana panguripan mesthi bae ana mati, kita wis bisa mangerten yen ing ngalam ndonya iki, Gusti kang Maha Agung nyiptakake sekabehane mahkluk kang nduwensi nyawa. Salah sijine makhluk kang nduwensi nyawa yaiku manungsa. Manungsa minangka mahkluk kang nduwensi drajat luwih dhuwur tinimbang makhluk liyane, amarga manungsa diwenehi akal lan pikiran kanggo nindakake uripe. Saka akal pikiran mau manungsa bisa mbedakake endi babagan kabecikan lan endi babagan kadurjanan. Mula wis samesthine manungsa bisa mangerten apa bae kang ndadekake dheweke pikoleh ganjaran apik lan apa bae kang bakal ndadekake manungsa oleh ganjaran ala.

Andharan ngenani matine manungsa kasebut bisa kawawas saka pethikan naskah KK ing ngisor iki.

6. Pan saka ?thali? dumadi kabeh padha asipat pejah

pan tan wong mati reku
yuk ya sami ngawruhana
kang wajib lan kang sunat
pan tan sampurna kang laku
yen tan weruha kang mangkana

7. yuk ya sami weruha niki
tatkalane putus nyawa
malikat narpata reku
angalap ing nyawa rika
winiwitan sukunya
tinarik manjuk siriku
nyawane sakihe Islam// (P1.6-7).

Kawawas saka pethikan naskah KK ing ndhuwur wis cetha kaandharake yen ta sekabehane wong iku sawijine dina bakal mati. Kita minangka manungsa kang urip ing donya iki kudune mangerten endi babagan kang wajib lan endi babagan kang sunat. Kajaba iku, kita kudu ngaweruhi yen ta ana utusane Gusti Allah kang bakal njabut nyawane manungsa lan uga kepriye carane njabut. Malikat minangka utusane Gusti kang njabut nyawane manungsa mligine umat Islam.

Malaikat njabut nyawane manungsa iku werna-werna carane ana kang winiwitan saking sikil banjur saya mendhuwur saya teka dhadha. Anggone njabut nyawane umat Islam uga beda-beda gumantung karo ngamal kang diantuk saka sekabehane tumindake ing ndonya.

1) Manungsa Mati Laras karo Ngamal Ibadhahe ing Ndonya

Masyarakat Jawa nduwensi unen-unen yaiku sapa nandur bakal panen. Unen-unen kasebut bisa dicakake ana ing panguripane manungsa ing ngalam ndonya iki. Sapa manungsa ing saben dinane nglakoni tumindak kang becik ing dina tembe bakal nrima utawa ngundhuh ganjaran kabecikan salaras karo tumindake lan ngamale. Semana uga sawalike manungsa kang nglakoni tumindak durjana uga bakal antuk ganjaran salaras karo apa kang dilakoni.

Ing naskah KK menehi kawruh kang akeh banget tumrap manungsa mligine ing babagan agama yaiku agama Islam. Agama Islam menehi pituduh marang manungsa, yen manungsa iku minangka mukmin supaya nindakake kabecikan ing urip sabendiane. Ngamalake babagan-babagan kang bisa ndadekake urip anyem lan tentrem kang wis dadi aturane agama Islam, kajaba iku uga ngadahi sekabehane tumindak kang ora diolehi utawa kang wis dadi larangane agama Islam. Andharan kasebut bisa kabutekake ing pethikan ngisor iki.

1. Yuk ya sami weruha niki
tatkalane putus nyawa
malikat narpata reku
angalap ing nyawa rika

winiwitan sukunya
tinarik manjuk siriku
nyawane sakihe Islam//

2. Lamun nyawane wong kafir
den wiwi tising sirah
tinarik mingsur ta reku
karana mangkana ika
darapun lisan ika
aja kawasa punika
angucap kalimat syahadat// (P.1.4-5)

Kawatas saka pethikan ing ndhuwur yen manungsa mati iku slaras karo ngamal ibadhahe ing ndonya. Wong kang Islam gelem nindakake sekabehane aturan agama Islam wektu mati bakal kawiwitan saka sikile tinarik munjuk ing dhadha. Nanging yen wong kafir yaiku wong kang ora manud karo prentahe agamane wektu matine tinarik saka sirah mudun mengisor. Ana ing agama Islam wis diandharake yen sekabehane manungsa bakalae mati. Gusti Allah maparake yen manungsa kung urip ana ing ndonya nduwensi drajat kung padha. Antarane manungsa siji lan sijine ora ana bedane, kung mbedakake manungsa siji lan sijine amung ngamal ibadhahe kung dilakoni ing urip bebrayan. Semana uga anggone manungsa mati uga bisa salaras karo tumindake ing ngalam ndonya. Ing ngisor iku bakal kaandharake ngenani kepriye carane manungsa mati miturut tumindake ing ndonya uga ngenani kapitayane manungsa minangka umat Islam.

a. Matine Wong kang Nglakoni Tumindak Becik

Tindak tanduk minangka salah sawijine wujud kung nyata kanggo ngukur kaya ngapa tumindake sawijine wong ing urip bebrayan. Ana unen-unen kaya mangkene ngunduhuh wohing pakarti. Tegese unen-unen kasebut sapa wong kung nandhur utawa nindakake pakaryan kung becik mesthi bae sawijine dina mangko bakal oleh walesan kung apik, semana uga sawalike. Babagan kasebut bisa kawatas ing pethikan ing ngisor iku.

9. Sampun kapundhut nyawa niki
binakta maring awiyat
maring langit sapta reku
wus teka ing langit ika
malikat jaluk lawang
maring kung atunggu pintu
sgera mangki tinakonan//

10. Nyawa punapa puniku
sumahur kung tinakonan
nyawane wong Islam reku
ingkang sun bakta punika
ingsun lamun abakti puniku
ing ramane kabeh ika// (P1.9-10).

Pethikan ing ndhuwur njlentrehake yen matine pawongan kang nindakake tumindak kabecikan wektu ing ngalam ndonya iku bakal kabenak. Nyawane umat Islam kung nglakoni kabecikan yaiku tumindak ngabekti marang ibu lan ramane. Nyawa kung wis kajupuk dening malikat bakal digawa menyang langit. Banjur satekane ing langit, nyawa iku bakal njaluk lawange suwarga marang malikat kung atunggu suwarga. Saka andharan kasebut bisa kadudut yen manungsa kung ngaku dadi umat muslim utawa ngaku agamane Islam wis samesthine nglakoni tumindak kung sarwa ngemu kabecikan.

b. Matine Wong kang Nglakoni Tumindak Durjana

Manungsa urip ning ndonya diibaratake kaya werna ireng lan putih. Werna ireng kasaemperake kadurjana yen werna putih kasaemperake kabecikan. Ana kung numindakake kabejikan uga ana kung nindakake durjana. Wis dadi kodrate yen manungsa ora nglakoni kabecikan kabeh amarga iku wis dadi pancobane saka Gusti ingkang Akarya Jagad. Wujud durjana kung dilakokake dening manungsa iku sejatinne amung wujud pancobaning kanggo manungsa supaya bisa dadi manungsa kung luwih becik maneh. Sekabehane pancoba iku mesthi ana walesane yaiku arupa ganjaran ing ngalam akherat. Saya gedhe pancobaning kung diwenehake marang umat muslim, mula saya gedhe uga ganjaran kung bakal diantuk dening umat kasebut.

Wong kung nglakoni tumindak durjana iku disaemperake karo setan, setan mujudake makhluk ciptaane Gusti Allah padha kaya manungsa nanging drajate manungsa luwih dhuwur tinimbang setan. Andharan kaya mangkene uga ana ing sajrone Naskah KK, bisa kabutekake saka pethikan naskah KK ing ngisor iku.

11. Lamun ora angabakti
ing ramane kabeh ika
awangsula sira mangko
awaliya maring donya
lamun sira abakti ya sira
?nastarin? manjing siriku
prapting langit pindho ika// (P1.11).

Saka pethikan ing ndhuwur bisa kawatas saben-saben pawongan yen ora ngabekti maramg ibu lan ramane saupama wis mati bakal ora bisa munggah ing langit sabanjure. Semana uga sawalike sapa pawongan kung gelem ngabekti marang ibu lan ramane maka pawongan kasebut bakal bisa cepet-cepet teka ing langit sabanjure. Andharan kaya mangkene wis kabutekake saka pethikan naskah KK kung ana ing ndhuwur. Mula saka iku kita kudu nindakake kabecikan tinimbang nindakake kadurjana.

c. Matine Wong Mukmin

Mukmin yaiku wong kang nganut agama Islam. Umat mukmin yaiku umat kang diwenehi welas asih dening Gusti Allah amarga umat mukmin iku pawongan kang wis ngakoni Islam iku agamane, anggone mlebu agama Islam ora mung mlebu bae, nanging kudu mangerten lan nrima hukum-hukum Islam. Saben-saben wong kang wis ngaku mukmin kudu mukmin ing sekabehane, ora mung abang-abang lambe yaiku ngakunngaku dadi mukmin. Andharan ngenani umat mukmin bisa kawawas ana ing pethikan ngisor iki.

6. Pan saka ?thali? dumadi kabeh padha asipat pejeh pan tan wong mati reku yuk ya sami ngawruhana kang wajib lan kang sunat pan tan sampurna kang laku/ yen tan weruha kang mangkana//
7. yuk ya sami weruha niki tatkalane putus nyawa malikat narpata reku angalap ing nyawa rika winiwanit sukunya tinarik manjuk siriku nyawane sakihe Islam//
8. Lamun nyawane wong kafir den wiwiti saking sirah tinarik mingsur ta reku karana mangkana ika darapun lisan ika aja kawasa punika angucap kalimat syahadat// (P1.6-9).
9. Bidalan nyawane mukmin darapun akih-akiha panebuti mukmin reku ing kalimat tukirikan lawan prapta ing dhadha tan kawasa ?cacalathun? sesek kebek dening nyawa// (P1.6-9).

Kawawas saka pethikan ing ndhuwur yen umat kang ngaku dadi umat mukmin kudu mangerten babagan kang wajib klawan sunat. Setuhune sekabehane umat kang nduwe nyawa bakale mati semana uga umat mukmin bakal mati. Ing ndhuwur dijlentrehake yen matine wong mukmin lan wong kafir iku beda. Nalika arep kajabut nyawane wong kafir ora bisa ngucapake ukara syahadat nanging sawalike yen umat mukmin sadurunge kajbut nyawane kanthi gampang anggone ngucapake ukara syahadat. Ukara syahadat yaiku ukara kang digunakake kanggo nyekseni umat Islam wektu mlebu agama Islam. Ngucapake syahadat kalebu salah sawijine rukun Islam. Hukume ngucapake syahadat tumrap agama Islam iku wajib.

d. Matine wong Musryik utawa kafir

Kafir yaiku wong kang nglakoni tumindak ala, ora manut karo aturan agama. Asal mulane wong bisa kafir biyasane amarga pawongan kasebut ora nduweni rasa syukur dhumateng Allah. Ora bisa nyukuri nikmate Allah kang wus diparingake marang dheweke. Dadi umat Islam anggone nyukuri nikmate Gusti Allah ora mung klawan ngucapake nanging kudune anggone nyukuri kanthi ikhlas nggunakake nikmate kang wis diwenehake marang sekabehane umat. Nikmat kang diwenehake bisa digunakake kanggo ngibadah marang Gusti Allah SWT. Kurange rasa syukur ndadekake manungsa lali karo gustine uga lali karo prentah-prentahe kang kudu ditindakake. Senengane nindakake babagan kang wis dilarang karo agama. Ing dina tembe matine wong kang kafir ora bakal kapenak. Andharan iki bisa disengkuyung karo pethikan saka naskah KK ing ngisor iki.

6. Lamun nyawane wong kafir den wiwiti saking sirah tinarik mingsur ta reku karana mangkana ika darapun lisan ika aja kawasa punika angucap kalimat syahadat// (P1.7).

Kawawas saka pethikan ing ndhuwur nalika wong kafir iku nemoni patine, malaikat anggone njabut nyawane winiwanit saka sirah tinarik mangisor. Klawan cara kaya mangkana mau nyebapake wong kasebut ora bisa lan ora kuwasa ngucapake ukara syahadat. Barang sapa kag bisa ngucapake ukara syahadat wekti nyawane kajupuk dening mlaikat maka Gusti Allah janjeni suwarga. kajaba andharan ing ndhuwur, ing ngisor iki uga njlentrehake ngenani wong kang kafir ora bakal kapenak ing kubure.

4.3.2 Alam Kubur

Ngalam kubur yaiku ngalam sawise ngalam ndonya, ing kubur manungsa ngenteni dina ing ngendi manungsa bakal ditimbang amal ibadhahe sasuwene ana ing ndonya. Sasuwene ngenteni masa ing ngendi manungsa bakal *dihisab*, ing njero kubur bakal nrima siksa saka malaikat kang atunggu kubur. Ora sekabehane manungsa pikantuk siksa, sekabehane siksa ing kubur gumatung karo tumindake manungsa nalika dheweke isih urip ana ing ndonya. Ngenani babagan ngalam kubur uga dijlentrehake ana ing naskah KK. Kabutekake kanthi pethikan ing ngisor iki.

3. Suwara nira banget tan pinda gelap anuwal maring mayit mengke suwalya

he anak Adam sira
sun takonana siriki
lah ta jawaba
soal ingsun den agami//

4. He anak Adam sapa pangeranira
muwane miriki
sapa sanakira
lawan panutan nira
lawan kiblatira endi
lah agama ya
lan panggawi siriki//
5. Wong kang oih babendu nira yang sukma
tan kawasa anahuri
liwat wedi nira
arep malayu nira
angalek kabanting-banting
nulih ginada
lulu ajur siriki//
6. Kinumpulaken dening semut garaman
nulih akumpul malih
suwus mangkana
nulih ginada sira
salamine mangka niki
kubur angepit anangis anjerit-jerit//
7. Wong kang oih sihi yang mangke kawasa
anjawab sapa niki
kubur wongku
ginada ing malikat
angiwa nengen siriki
jimbar kubur ya
apadhang kubur niki//
8. Patang puluh asta jimbar kubur ya
malikat rupa pekik
angrangkul wong ngiku
duh nira sanaking wong tunggal
agama kang suyeng
aja pisahan
ingsun lawan siriki// (P4. 3-8)

Saka pethikan ing ndhuwur bisa kawawas, yen ing njero kubur iku bakal kasiksa dening malikat atunggu kubur. Kahanan ing njero kubur kang peteng dhedhet ora ana lampu kajaba mung krungu swara malikat kang kaya gludhuk uga swarane gadhane malikat. Kang kapisan diatokake dening malikat yaiku ngenani agamane sekabehane anak Adam. Banjur malaikat bakal anakoni ngenani penggaweane ana ing ndonya, apa bae kang ditindakake ana ing ndonya. Kahanan kang kaya mangkana gawe awedi sekabehane umate nabi Adam. Ing njero kubur awake manungsa digepuk nggawe gadhane malaikat banjur awak kasebut ajur, saya suwe utuh maneh lan kagepuk maneh. Kahahan kaya mangkana

bakal katindakake trus nganti tumekaning dina ditimbange amal ibadhahe manungsa

4.3.3 Dina Akhir utawa Kiyamat

Dina akhir utawa kiyamat mujudake salah sawijine rukun iman. Iman marang dian akhir utawa kiyamat minangka rukun iman kaping lima. Percaya anane kiyamat iku wujud saka wong kang ngugemi agama Islam kanthi temenan. Umat Islam nduwени kapitayan yen alam kalebu donya lan saisine bakal ngalami kahancuran. Kita mangerten yen ing dina kiyamat sekabehane benda ing langit lan bumi ora ana wujude. Gunung-gunung bledhos, sekabehane manungsa lan makhluk kang urip padha mati. Kahan kaya mangkene iki bisa dideleng ing kitab suci Al Qur'an surat az-zazalah ayau 1-2, artine yaiku yen bumi digoncangake kanthi goncangan kang *dahsyat*, lan bumi wis ngetokake isine. Andharan kang ana ing ndhuwur, ing ngisor iki bakal kaandharake pethiakn kang bakal nyengkuyung ngenani dina akhir utawa kiyamat.

1. Yen wonten dosa kawula
dipun ninggal hukum tumuli
tan weta amba puniku
ing kira-kira tuwan
ya ta sagihe mukmin hibat puniku
prihatining nala
ing arih kiyamat niki//
2. Perasamy mara sing nala
ya ta ana suwara wuru manggih
sira kawula ningsun
aja prihatin sira
aja maras lakin ngukumana ingsun
sagihe mukmin duraka
ya ta sakathah ing mukmin//
3. Ilang prihatining nala
dening angendika syih ing Yang Widi
angersa tan kena iku
ing siksaning pangeran
wonten sabdane pandheta kang winuwus
baginda Bubakar sira
sing sapayun rekiki//
4. Luputa siksa kiyamat
asholat nalika tengah wengi
aja ana wong wigan iku
yen ayun tan ilana
ya ta Jibril asung jara niku
ya ta ing wong mukmin sama daya
kinon anungegana niki//

5. Padha wara-wara api neraka

mangki ingkang winarna
 arupa manu nik
 manjing jero pataka
 saking sanget panaya
 bumi tima salakiki abekat ranteya
 amburu manut iki// (P6.2-5).

Saka pethikan ing ndhuwur bisa kawawas yen dina kiyamat bakal teka. Nganti tumekane dina kasebut umat mukmin kang durhaka kudu ngati-ngati amarga bakal kena siksa ing dina kiyamat. Yen kepengen ora pikantuk siksane kiyamat mula aja nganti lali sholat ing tengah wengi. Sholat wengi yen dilakoni kanthi ihklas lan khusuk bisa ngadholhake umat saka sekabehane siksa. Ing ngisor iki uga ana dhawuhe Gudti Allah ngenani dina kiyamat.

4.3.4 Anane Dina Kebangkitan (*Urip Sawise amti*)

Sawise manungsa mati bakal ana dina ing ngendi sekabehane makhluk kang urip ing ndoya bakal dibangkitake saka alam kubure. Ing dina iki manungsa urip maneh kaya capar kang lagi tukul. Sekabehane manungsa bakal wuda lan mlaku bebarengan ing sawijine panggonan kang diarani ara-ara mahsyar. Ing kono sekabehane manungsa bakal nggantenan kanggo nemtokake manungsa kasebut bakal ana ing suwarga apa ning neraka. Kanggo nentokake yaiku kanthi cara ditimbange amal ibadhahe manungsa. Yen abot timbangan tangan tengen tegese wong kasebut bakal menyang suwarga amarga wektu ing ndonya wong kasebut taat marang agama lan nindakake tumindak-tumindak kang becik selaras karo syariat agama. Andharan ing ndhuwur bisa disengkuyung karo pethikan kang ana ing ngisor iki.

6. Ri sampunira mangkana

wonten malih kang prapti
 aruman arane reku
 abagus rupane niki
 awangi ganda niki nakoni mayit niku
 huwa arni arum reku
 he anak Adam siriki
 tulisna ngamal sira duking donya//

7. Ngamal becik lawan ala

nulise denira kabeh
 mayit puniku angucap
 norah duwin kolam mangsi
 papan pan norah duwe aruman mangke amuwun
 kapan minangka papan
 iduwe minangka mangsi
 janjine kawitan kolam sanira//

8. Anu-norah punang ?lagyuwan?

tumukuh asmu prihatin
 sampun tutuk anutura
 sinung tinanggapan malih
 nuli ginarung niki tinalikan gulanipun
 aruman amamekas
 den abecik sira kari
 ana malikat atakon maring sira//

9. Lunga malikat aruman

kami ben karir prihatin
 kalih awak tanpa ruwang
 anging kacipta ing ani
 wawekasih sira inguni yen ana atakon iku
 kinon dening Yang Manun
 rupane amedeni
 noranana gapupuranipun pisan// (P3.6-9).

Kawawas saka pethikan ing ndhuwur yen saben-saben tumndake manungsa wektu ing ndonya bakal ana ganjarane. Manungsa atuk titah kanggo nulis ngamal ibadhahe dhewe-dhewe. Ing ngalam kasebut manungsa ora bisa mblenjani amarga sekabehane perangan wawak manungsa bakal kandha apa wae kang dilakoni dening manungsa wektu ing ndonya banjur sekabehane anggota awake nulis dhewe-dhewe. Ngamal becik katulis ing tangan tengen ngamal kang ala katulis ing tangan kiwa.

4.3.5 Anane ngalam Sawise Manungsa Mati

Miturut agama sawise manungsa mati bakal ana ngalam maneh yaiku ngalam akherat. Akhirat minangka istilah kang digunakake kanggo kahuripan ing ngalam baka yaiku alam sawise mati utawa sawise donya iki ora ana, alam *kekekalan*. Amarga ing akherat manungsa bakale urip salawase. Akherat iku kalebu ing salah sawijine rukun iman. Kaya kang kita mangerten i rukun iman iku ana nem yaiku pracaya anane Allah SWT, pracaya anane malaikat, pracaya anane kitab-kitan suci, pracaya anane nabi lan rosul, pracaya anane dina akhir utawa kiyamat. Allah SWT bakal netepake pawongan utawa manungsa ing akherat ana ing naraka (*Jahannam*) utawa surga (*Jannah*). Kapitayan ngenani anane akherat, kiyamat, surga lan neraka iki wis ana sajrone agama Islam. Dina ing ngendi manungsa bakal ngalami panimbangan ngenani amale kang di antuk ing donya. Manungsa bakal di ukum selaras karo tumindake ing donya lan amale kang di antuk.

1. Suwarga

Kabar anane suwarga wis kawentar tumrap umat Islam. Manungsa kang nduweni agama mesthi bae nduweni kapitayan lan kayakinan yen sejati suwarga iku

pancen ana. Kanthi anane kapitayan lan kayakinan kaya mau ndadekake manungsa supaya luwih ngati-ngati anggone urip, kang dimaksud ngati-ngati yaiku kanthi njaga lisan, tumindake ing saben dinane. Amarga suwarga mujudake panggonan kang endah banget, apa bae ana ing suwarga.

Suwarga mujudake omah kang kebak karo kanikmatan kang wis diwenehake dening Allah SWT. Allah menehi janji yen kaum mukmin kang taat marang allah bakal pikantuk surga. Ganjaran lan surga iku nduweni sesambungan kang erat banget, amarga ing dina akhir manungsa kang nglakoni kabecikan luwih akeh tinimbang tumindak alane bakal pikantuk surga. Andharan kasebut bakal disengkuyung karo pethikan ing ngisor iki.

15. Padha amaca angudubillahi
dudu iku pangeran kang sejati
ya ta ilang coba iku
anata mali sira
yen tutupan anbika lapun
ing jagad yakti kalingan
ya ta angucap siriki//

16. Ingsun pangeran kang mulya
kang manusa para sama alingali
maca angudubillah iku
dudu ingsun pangeran
tan mungkunu paningalingsun ing dangu
tatkala ana ing donya
malikat muksa tumuli//

17. Ya ta sira Sang Yang Sukma
andadeyaken estu ning jati niki
estu pangeran rekiku
kang manusa puniku
samadaya sami mangke sira andulun
persama sira angucap
atut pangeran sejati//

18. Daten beda ing paningal
aning donya akhir niki
anging reki bedanipun
paningal ing akhirat
donya kayat paningal ing dunyiku
kang manusa mojar sira
aturaken awak niki//

19. Ya ta sira Sang Yang Sukma
aningali maring kawula niki
rena ing pamujinipun
ing sagihe manusa
padha angkaten sira hira puniku
manjinge ing suwarga
sagihe kakasi mahi//

20. Padha mukti ya ing suwarga
kasukanam sakarsa nira niki
yakya temen tah siriku

sarta lan rahmat ingsun
ri sampun mangkana mangke winuwus
khalifah malikat rindung reku
ingutus sira Yang Widi// (P13.15-20)

Kanikmatan iku kanikmatan kang sarwa jangkep, tegese kanikmatan batin uga raga bisa dantuk dening umat kang gelem manut titahe Gusti Allah. Titah kasebut wujude gelem nindakake pakaryan kang diwajibake dening Gusti Allah uga ngadahi sekabehane pakaryan kang ora diolehi dening Gusti Allah. Pakaryan kang diwajibake kayata sekabehane manungsa kudu ngucapake angudubillah, umat kang gelem nduweni rasa taqwa marang Gustine ing dina tembe bakal antuk kapenak lan kanikmatan.

2. Neraka

Neraka mujudake salah sawijine ngalam sawise ndonya iki ora ana utawa sawise ngalam iki ora ana. Kita minangka umat muslim mesti bae mangerten yen kita urip ana ing ndonya iki mung sedela bae. Mula aja sampel kasiya-siyakake anggone urip ing ndonya kudu nggolek ganjaran kabecikan. Neraka uga panggonan kanggo wong kang nglakoni tumindak ala wektu ing donya. Nanging ora sekabehane wong kang nduweni niyatkan kapengen antuk ganjaran kabecikan kadhang kala ana saperangan wong kang senengane nindakake durjana. Bisa kawawas saka pethikan ing ngisor iki.

15. Lan sanjata ing neraka
dosanipun dukaning dunyiki
saling tumbak wong puniku
pa ya agama Islam
ana wong sili ambuli wong puniku
wusane duking donya
angentet angeden ingguni//

16. Ana wong nira marya
lambinipun picus mangke wong iki
dosaning duniku
muluruk ing lakiya ana wongiku
dosane duking donya
anu-nulakaken den ora dening lakinya
yen sumahur sara den ambethas niki
narsariwi reki mimisu nusu//

17. Ken lakiya
ana dawa ilate wongiku
mangki wongiku
tinarik dening malikat
dosa ning duking dunyiki//

18. Agawi ujar kang ala
ing wong becik gawine wong puniku
angadu puniku
den aperi asusaha
wonten malih tinabukan wong puniku
dening kang malikat agadha
malang besem rahi niki//

19. Niriwing wong puniku
dosa nipun duking punika
ameruh wong puniku
ing duwensi lakiya
alibaken uli lakinipun
mali wonten wong siniksa
sajroning neraka niki// (P7.15-19)

Saka pethikan ing ndhuwur wis cetha kang bisa didadekake senjata amrih ora ing neraka yaiku pawongan gelem nglakoni sholat. Sajrone neraka ana wong kang lambene picus yaiku wong kang penggaweyane ngomongake alane liyan. Ing neraka uga ana ilate wong kang ditarik dening malaikat, wong kang bakal kaya mangkana yaiku wong kang gawene ngomong ala ing wong beccik. Neraka iku ana tingkat-tingkat, sapa kang dadi penghunine neraka lan tingkat-tingkatane neraka iku bakal diandharake ing pethikan ngisor iki.

20. Yen nungkulaken wongiku
ing naraka sewu tahun wongiku
dening malikat punika
kang jabaniyah
dosane duking donya reki wongiku
nora sembahyang sira
amung sawakta ingunu//

21. Piranalagi nora
sembahyang selawasi wong iku
kihin neraka winuwus
pitung pangkat kathaya
ingsur nerakane jahil musrik niku
lan wong neru-neru pangeran
puniku anggone niki//

22. Neraka kapindho iku
anggone iku anggonipun syetan, jin
naraka kaping tiga iku
reki anggone iku
balane raja Firngaun lan raja Namrud
balani raja Firngaun lan raja namrud
neraka kang kaping pat iku
angegeoni wong duraka iki//

23. Ing wong atinggal sembahyang
kaping lima nerakane wong mukmin kang kafir
kang kaping nem genipun
wong angabakti iku
nanging sakira-kira dosa iku
kang kaping pitu iku
narakane sakihe wong mukmin niki// (P7.20-23)

Kawwas saka pethikan ing ndhuwur bisa dimangerten i yen wong kang ninggalake sembahyang mung sewaktu bisa netep ing neraka sewu tahun lawase. Kajaba iku ing neraka ana pitung pangkat kang bakal manggoni ing neraka kapisan yaiku wong kang niru-niru

dadi pangeran, kapindho panggonane syetan lan jin, ketelu neraka panggonane balane Raja Firngaun lan raja Namrud, kepapat panggonanae wong durhaka lan wong kang atinggal sembahyang, ping lima panggonane wong mu'min kang kafir, ping nem panggonane wong ngabekti nanging isih nduweni dosa, ping pitu panggonane akehe wong mu'min.

D. PANUTUP

1. Dudutan

Sawise nindakake tintingan tumrap naskah *Kabar Kiyamat* ing ndhuwur, bisa kadudut saperangan babagan ngenani andharane naskah, suntingan teks, lan piwulang agama sajrone naskah *Kabar Kiyamat*. Naskah *Kabar Kiyamat* kang dadi punjering panliten iki kasimpen ing Museum Mpu Tantular Sidoarjo bagian pernaskahan, nanging yen miturut sejarahé nakah kasebut diantuk saka Bapak Yohanes Sasmita, kang dumunung ing Surabaya.

Naskah *Kabar Kiyamat* minangka naskah tunggal. Wujude naskah yaiku tembang, bahane naskah kasebut saka dluwang. Naskah uga ora nyebutake jeneng panganggit nanging ana wektu panganggitan. Naskah kasebut nggunakake aksara Arab Pegan lan basa utama kang digunakake yaiku Basa Jawa nanging ana tetembungan kajaba Jawa yaiku ana tembung Kawi, Arab, Malayu. Basa Jawa kang digunakake kaya dene Basa Jawa Kuna, Basa Jawa Anyar.

Supaya luwih cetha lan sampurna, diandharake babagan suntingan teks tumrap naskah *Kabar Kiyamat* kanthi wujud *transliterasi* lan *aparat kritik* mawa cathetan. Kanthi suntingan teks kasebut, diajab bisa menehi panyaru lan panggagas liya ngenani panulisane teks kang salaras. Kajaba suntingan teks ing panliten iki nggunakake metode edisi naskah tunggal kanggo nemtokake naskah kang dadi landhesan kanthi nggunakake edisi diplomatik.

Naskah *Kabar Kiyamat* saperangan ngandharake babagan pati, mligine ngenani kiyamat. Crita ngenani pati ing kene kayata anane mati; manungsa mati selaras karo ngamal ibadhahe ing ndonya; yaiku matine wong kang nglakoni tumindak becik, matine wong kang nglakoni tumindak kadurjanan, matine wong mukmin, matine wong musrik lan kafir; dina akhir utawa kiyamat; anane dina kebangkitan (urip sawise mati); anane ngalam sawise manungsa mati yaiku suwarga, neraka. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, tintingan utawa telaah tumrap naskah *Kabar Kiyamat* kasebut diasilake saka pakaryan napsirake kanthi tintingan hermeneutika.

2. Pramayoga

Adhedhasar panliten naskah *Kabar Kiyamat* kang wis diandharake ing bab sadurunge, panliten babagan pati mligine ngennai kiyamat ing sajrone naskah kasebut isih nduweni kakurangan. Sanadyan kaya mangkono, panliten iki kaajab bisa atur sumbangsih tumrap panliten liya ngenani tradhisi naskah, mligine tumrap panliten filologi.

Tumrap para pamaca diajab bisa paring pamrayoga lan panggagas-panggagas anyar kang sipate nyengkuyung kanggo panliten iki. Marang para panulis ing sabanjure diajab bisa nintingi lan nerusake panliten iki, murih saya rowa lan jangkep. Kajaba kuwi, panliten iki uga diajab bisa nuwuhake greget kanggo para mahasiswa lan generasi bangsa supaya eling lan ngleluri tinggalane para leluhur, mligine kang awujud naskah lawas. Ing wasana panliten iki diajab bisa paring piguna tumrap ilmu pengetahuan lan bebrayan agung.

KAPUSTAKAN

Agama RI, Departemen. 2010. *Al Qur'an Tajwid & terjemah*. Bandung: CV Penerbit Diponegoro.

Alwi, Hasan. Dkk. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia (Edisi Ketiga)*. Jakarta: Balai Pustaka.

Al-adnani, Abu Fatiah. 2013. *Perjalanan ke Akhirat*. Jawa Tengah: Granada Mediatama.

Al-qalami, Abu Fajar. 2008. *Perjalanan hidup Sebelum dan Sesudah Mati*. Surabaya: Gitamedia Press.

Aminuddin. 1990. *Pengembangan Penelitian kualitatif dalam Bidang Bahasa dan sastra*. Malang: Yayasan Asih Asah Asuh.

Aminnuddin. 1987. *Pengantar Apresiasi Sastra*. Bandung: CV. Sinar Baru.

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineke Cipta.

Barried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF) Seksi Filologi, Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada.

Djamaris, Edwar. 2006. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV. Manasco

Endraswara, Suwardi. 2008. *Metode Penelitian Sastra: Epistemologi, Model, Teori, dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.

Gunawan, Achmad. E. 2012. *Suntingan Teks lan Piwulangan Agama sajroning Naskah Sulam Taufik*. Surabaya: Unesa.

Hasbullah. 2005. *Dasar-dasar pendidikan*. Jakarta: Rajagrafindo Persada.

Kamidjan. 2009. *Pengantar Kritik Teks*. Surabaya: FBS UNESA.

Moleong, Lexy J. 2006. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja: Rosdakarya.

Mu'is, Fahrur. 2012. *Amalan Ringan Berpahala Surga*. Solo: Kafilah Publishing.

Nurlila. 2011. *Kapandhegan Ing Serat Ranggalawe*. Surabaya: Unesa.

Poerwadarminta. 1937. *Baoesastro Djawi*. -----

Prabowo, dkk. 2001. *Kamus Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Badan Pekerja Kongres Bahasa Jawa.

Purnomo, S. Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama (Sebuah Pengantar Ringkas)*. Surabaya: Bintang Surabaya.

_____. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya.

Ranggawarsita, R.Ng. 2000. *Kamus kawi-Jawa*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Metodologi Penelitian Kajian Budaya dan Ilmu-Ilmu sosial Humaniora Pada Umumnya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

_____. 2011. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.

Robson, S.O. 1994. *Prinsip-prinsip Filologi Indonesia*. Jakarta: RUL.

Soraya, Indah. 2012. *Etika Religius sajroning Serat ahmad Mohammad*. Surabaya: Unesa.

Subandiyah, Heny. 2007. *Filologi dan Metode Penelitiannya*. Surabaya: Unesa University Press.

Sudardi, Bani. 2003. *Penggarapan Naskah*. Surakarta: Badan Penerbit Sastra Indonesia.

Tirtaraha, Umar dan La Sulo, S. L. 2005. *Pengantar Pendidikan*. Jakarta: Rineka Cipta.

Saka Wikipedia bahasa Indonesia, ensiklopedia bebas.

(<http://id.wikipedia.org/wiki/Kematian>, diakses 18 Februari 2013).

(<https://www.google.com/search?q=catatan+akhbaru+kangan+nuruddin+ar-Raniri&ie=utf-8&oe=utf-8&aq=t&rls=org.mozilla:en-US:official&client=firefox-a>)

(<http://alquran.babinrohis.esdm.go.id/>?, diakses ing dina Kamis, 20 Juni 2013)

